

Chapit 8. Kourikoulòm ak Enstriksyon  
Seksyon 8.14

Règleman 8.14 **Pwogram Lekòl adomisil**

1. **Objektif.** Komite Dirijan Lekòl rekonèt dwa paran ak responsab yo genyen pou edike pitit yo adomisil nan plas yon lekòl piblik oswa prive. Règleman sa a se pou fè sèten pwogram lekòl adomisil pou elèv nan Distri a fèt an akò avèk lwa ak regilasyon Eta a.
2. **Definisyon.--**
  - a. Yo defini "Pwogram lekòl adomisil" kòm enstriksyon pwogresiv konsekitif yon elèv sou direksyon paran li pou kapab satisfè bezwen sou prezans Lwa Florid. Stat. 1002.41, 1003.01(13), and 1003.21(1), jan li amande kounye a oswa alavni. Pwogram Lekòl adomisil Distri a enkli elèv laj apwopriye pou jadendanfan jiska laj 18.
  - b. "Paran" vle di "youn oswa toulède paran elèv la, nenpòt moun ki responsab elèv la, nenpòt moun ki gen yon lyen parante ak yon elèv, nenpòt moun ki gen dwa sou yon elèv nan plas paran an," jan Lwa Florid 1000.21(5) defini li, jan li amande kounye a.
3. **Responsabilite distri a.**—Biwo Lekòl Adomisil Distri a se moun Sipèntandan deziye pou resevwa ak revize korepondans paran k ap dirije pwogram lekòl adomisil, kenbe dosye elèv ki nan pwogram lekòl adomisil, aplike aksè ak kondisyon prive Lwa Florid 1002.22 nan nenpòt dosye elèv oswa rapò Biwo Lekòl adomisil la kreye, kenbe, oswa itilize, epi revize ak evalye rezilta evalyasyon edikasyonèl anyèl pou elèv k ap resevwa lekòl adomisil nan Distri a. Biwo Lekòl adomisil la obsève tou tout kòd, règleman ak prensip ki aplikab yo.
4. **Responsabilite paran oswa responsab yo.** Yon paran oswa responsab ki anrejistre yon timoun nan pwogram lekòl adomisil dwe satisfè kondisyon Lwa Florid sa yo.
  - a. Enfòmè Sipèntandan an, atravè Biwo Lekòl adomisil yo deziye a, entansyon paran oswa responsab genyen pou etabli yon pwogram lekòl adomisil, jan yo mete l nan paragaf 5 anba a.
  - b. Kenbe yon pòtfolyo pou dosye ak materyèl, jan yo mete nan paragaf 6 anba a.
  - c. Bay yon evalyasyon anyèl timoun yo jan yo mete l nan paragaf 7 anba a.
  - d. Bay Biwo Lekòl adomisil la yon notifikasyon alekri sou revokasyon pwogram lekòl adomisil ki an akò ak kondisyon paragaf 11 anba a.
  - e. Familyarize ou, epi pran responsabilite pou obsève Lwa Florid 1002.41, "Pwogram Lekòl adomisil."
5. **Initye yon Pwogram Lekòl adomisil.**—Yon paran ki abite nan rejyon Palm Beach ki chwazi pou dirije yon pwogram lekòl adomisil pou pitit li ki gen laj pou l ale lekòl dwe:
  - a. Bay Biwo Lekòl adomisil nan Distri a yon notifikasyon alekri nan trant (30) jou apre pwogram lekòl adomisil la fin tabli. Paran an dwe siyen ak mete dat sou notifikasyon sa a epi li dwe genyen tout non, adrès ak dat nesans chak timoun ki pral enskri nan Biwo Lekòl adomisil. Yo kapab bay Biwo Lekòl adomisil la notifikasyon an pa lapòs, faks oswa livrezon nan men.
  - b. Ranpli pwosedi pou retire nenpòt timoun ki te enskri nan lekòl piblik oswa prive.
6. **Pòtfolyo obligatwa.--**
  - a. *Antretyen dosye ak materyèl.* Paran oswa gadyen k ap dirije yon pwogram lekòl adomisil dwe kenbe yon pòtfolyo dosye ak materyèl ki gen ladan:
    - i. Yon kanè edikatif pou aktivite, fè sèten kanè a fèt nan menm epòk ak enstriksyon an, mete tit nenpòt materyèl lekti yo itilize, epi
    - ii. Egzanp nenpòt konpozisyon, fèy travay, liv travay, oswa materyèl kreyativ elèv la itilize oswa devlope.
  - b. *Prezèvasyon Pòtfolyo.* Paran an oswa responsab la dwe konsève pòtfolyo a pou de (2) ane epi Biwo Lekòl adomisil la dwe mete l disponib pou enspeksyon nan 15 jou notifikasyon alekri.
  - c. *Revizyon Pòtfolyo Elèv ki pa janm ale nan lekòl piblik.* Elèv ki pa janm ale lekòl piblik avan kapab sijè pou revizyon pòtfolyo regilye chak mwa selon Lwa Florid 1003.26(1)(f) jiskaske komite revizyon lekòl adomisil la rive jwenn yon akò jeneral elèv ki nan pwogram lekòl adomisil la an nakò avèk Lwa Florid 1002.41(1)(b).

- d. *Lè pa gen Pòtfolyo.*
  - i. Si paran an oswa responsab la bliye bay komite a fòtfolyo a, Biwo Lekòl adomisil la, dapre jan Sipèemtandan an deziye I, dwe fini pwogram lekòl adomisil la jan Lwa Florid 1003.26(1)(f)2 mande li, epi y ap mande paran an pou enskri timoun nan nan twa (3) jou nan yon opsyon prezans ki satisfè prezans lekòl regilye nan: yon lekòl piblik; yon pawas, relijye, denominasyonèl, oswa lòt lekòl prive; oswa pwogram leson patikilyè prive ki satisfè kondisyon Lwa Florid 1002.43.
  - ii. Konfòmeman ak Lwa Florid 1003.26(1)(f)2, yon paran ki gen pwogram lekòl adomisil sispann anba paragraf sa a p ap kalifye pou reenskri timoun nan yon pwogram lekòl adomisil pandan 180 jou nan kalandriye eskolè .
7. **Evalyasyon Anyèl.**—Paran oswa responsab chak elèv nan pwogram lekòl adomisil dwe bay yon evalyasyon anyèl ki demontre pwogrè edikatif elèv la anrapò avèk abilite I.
  - a. *Soumisyon Evalyasyon.* Yo dwe soumèt evalyasyon anyèl la chak dat anivèsè enskripsyon elèv la nan Biwo Lekòl adomisil epi evalyasyon an dwe genyen youn nan sa a:
    - i. Paran ap chwazi yon pwofesè sètifye nan Florid pou fè evalyasyon sou pwogrè elèv la baze sou Yon yon revizyon pòtfolyo a epi diskisyon ak elèv la. Pwofesè sa a dwe genyen yon sètifika Florid ki valab pou anseye sijè akademik nan nivo elemantè ak segondè.
    - ii. Nenpòt tès nasyonal pou mezire pwogrè elèv yon pwofesè sètifye nan Florid te sipèvize.
    - iii. Yon tès evalyasyon eta a yon pwofesè sètifye eta Florid administre, nan yon lokal (egzanp zòn lekòl piblik) epi anba kondisyon editè tès la apwouve pou pran tès la. Distri Lekòl la ap bay tès materyèl yo, kontwole sit la ak rezilta tès yo.
    - iv. Yon sikològ ki gen yon lisans aktiv valid kapab fè yon evalyasyon konfòmeman ak Lwa Florid 490.003(7) oswa (8).
    - v. Yon evalyasyon ak yon lòt zouti valab pou pran mezi an akò respwòk ak Biwo Edikasyon adomisil, ak paran oswa responsab. Yon metòd Distri Lekòl la aksepte se bay yon transkri ofisyèl ki soti nan yon korepondans ki kredib/enstitiyon k ap bay kou pa korespondans.
  - b. *Lè yo pa soumèt evalyasyon.* Lè paran oswa responsab la pa soumèt yon evalyasyon anyèl pou chak elèv nan pwogram lekòl adomisil la sa vin plase elèv la nan rezistans (refi) ak kondisyon règleman an. Biwo Lekòl adomisil la, apre li fin avèti paran oswa responsab la, kapab tèmine pwogram lekòl adomisil la. Paran an dwe al enskri elèv la nan yon lekòl ki nan zòn kote li rete ki satisfè Lwa Florid 1002.43.
  - c. *Elèv ki nan preyòddesè.* Biwo Lekòl Adomisil la, kòm Sipèemtandan nome a, pral revize rezilta evalyasyon anyèl yo ak notifye paran ki gen elèv nan lekòl adomisil yo sou peryòddesè yo si pwogrè elèv la pa nan yon nivo ki koresponn avèk abilite yo. Biwo Lekòl Adomisil dwe revise ak reevalye evalyasyon elèv ki nan pwobasyon an nan fen ane a pou detèmine si negosyasyon an fini. Anlèyman peryòd pwobasyon ak pwolonjman pwogram lekòl adomisil depannde elèv k ap demontre pwogrè edikatif ki koresponn avèk abilite li nan fen peryòd pwobasyon an.
8. **Kalifikasyon pou patisipasyon piblik.**—Elèv ki enskri pou lekòl adomisil kalifye pou patisipe nan sèten pwogram edikatif piblik tankou:
  - a. Patisipe nan aktivite ki pa akademik (paegzanp, espò) nan nivo segondè dapre règleman ak prensip asosyasyon atletik lekòl segondè nan Florid (Florida High School Athletic Association - FHSAA). Ap gen aktivite disponib nan zòn ki gen lekòl elemantè tou. Aktivite entèeskolè yo ap fèt nan yon lekòl distri a chwazi, depi yo ranpli kondisyon lwa Florid 1006.15(3)(c) yo.
  - b. Pwogram bousdetid Bright Futures annakò ak Lwa Florid 1009.53-1009.539.
  - c. Pwogram bileng, enkli admisyon nan kolèj kominotè ak admisyon nan inivèsite deta annakò ak Lwa Eta a ak règleman komite dirijan yo.
  - d. Tès ak sèvis evalyasyon nan sant dyagnostik ak resous annakò ak Lwa Florid 1006.03.
  - e. Aksè edikatif, si l kalifye, nan lekòl ki nan zòn yo si klas la gen rapò ak aktivite ki pa akademik elèv la patisipe ak/ oswa ki gen rapò ak plan edikatif endividyèl elèv la (IEP)

pou elèv ki bezwen edikasyon espesyal (ESE). Pou kòmanse pwosesis sa a, paran/responsab la tad we kontakte lekòl piblik zòn lan.

- f. Edikasyon vityèl (paegzanp., lekòl vityèl Florida) jan lwa Florid pèmèt li, tankou lwa Florid Stat. 1002.37.

**Materyèl pou enstriksyon.** – Paran ki gen elèv nan lekòl adomisil responsab pou achte ak peye pou materyèl akademik yo; the Distri a pa bay elèv ki nan lekòl adomisil yo liv, kourikoulòm oswa materyèl . Sepandan, seri liv Distri a pa itilize ankò yo kapab disponib nan yon lekòl nan zòn nan pou prete oswa aladispozisyon gratis pou piblik la.

9. **Gwoup sipò; Netralite.**—Sèlman pou fasilite paran ki responsab pwogram lekòl adomisil yo, yo otorize Biwo Lekòl Adomisil la pou bay yon lis gwoup sipò pou lekòl adomisil, ki kapab bay èd ak kourikoulòm, enstriksyon, evalyasyon anyèl ak lòt zafè edikatif k ap enterese lòt moun ki responsab pwogram lekòl adomisil. Sepandan yon lis konsa pa enplike Ofis edikasyon adomisil (Home Education Office) andose dirèkteman oswa endirèkteman oswa esponsorize okenn gwoup nan lis la, epi distri a p ap responsab pou okenn ak oswa omisyon okenn gwoup sipò endepandan.
10. **Revokasyon Pwogram Edikasyon Adomisil (Home Education Program) pa Paran oswa Responsab**—Si pwogram edikasyon adomisil la diskontinye, paran oswa responsab la ap voye yon avètisman revokasyon alekri bay Ofis Edikasyon Adomisil, kòm reprezantan sipèntandan an, ant 30 jou apre revokasyon an, jan lwa Stat. 1002.41(1)(a) egzije l la.
11. **Enskripsyon nan lekòl piblik.**—Si yon elèv edikasyon adomisil enskri kòm yon elèv aprentan nan yon lekòl piblik nan distri a, se administratè lekòl la k ap detèmine plasma klas ak transfer kredi yo dapre règleman Komite dirijan distri ak Plan Pwogrè akademik Elèv la Lekòl la kapab revise kourikoulòm edikasyon adomisil elèv la, pòfolyo l, ak evalyasyon l yo avan plasma oswa desizyon pou kredi.
12. **Diplòm.**—Distri a pa otorize pou l bay elèv ki resevwa edikasyon adomisil yon diplòm lekòl segondè regilye. Sepandan, elèv sa kapab pran egzamen devlopman edikasyon jeneral la (General Education Development (GED) nan yon sant edikasyon pou adilt, epi y ap bayo yon diplòm GED eta Florid si elèv la fè nòt pou l pase. Altènativman, elèv la kapab kalifye pou l resevwa yon diplòm nanmen yon korespondans akredite oswa yon pwogram edikatif adistans si elèv la konplete kou detid lekòl segondè enstitisyon an egzije a. Paran yo kapab antre nan yon lis enstitisyon rejyonal ki akredite yo, san okenn enplikasyon andòsman distri a, atravè ofis edikasyon adomisil.
13. **Bousdetid.**—Elèv edikasyon adomisil ki enskri kapab aplike pou bousdetid Bright Futures eta Florid la ( Florida Bright Futures Scholarship) ak lòt boused selon lwa Florid. Ofis edikasyon adomisil ap bay enfòmasyon jan prensip bousdetid la egzije l.

OTORITE LEGAL: Fla. Stat. §§ 10011002.41(2), (3); 1002.41

LWA ANVIGÈ: Fla. Stat. §§ 1002.01(1); 1002.41; 1003.01, 1003.21, 1003.26(1)(f)(2); 1006.15; 1007.27(4); 1002.37

DOSYE ISTORIK: 7/5/86; 7/5/97; 28/4/03; 10/12/2008